

Legal - Divorce Motion Hearing - Haitian Creole

INT: [Pre-Session].

CLIENT: Hello, interpreter. I need your assistance today. I have Mrs. Joseph on the phone.

INT: Hi, may I introduce myself to her?

CLIENT: Of course.

INT: [Pre-Session to LEPP].

CLIENT: I am calling to schedule a meeting so that we can prepare for your upcoming divorce motion hearing. Have you thought about the things we talked about during our last meeting?

INT: Mwen ap rele ou pou mwen ka skédilè yon reyinyon pou nou ka prepare pou jijman divòs ou a ki ap vini an. Eské ou pansé a bagay nou te pale yo nan dènye reyinyon nou an?

LEPP: Ou vle di avèk ki moun ke timoun yo pral rete?

INT: You mean who the children will be staying with?

CLIENT: Yes, but also about the order of protection, the spousal support, and the child support. Have you had any contact with him?

INT: Wi, men apwopo de lòd pwoteksyon an tou, de sipò mari ou, ak sipò timoun yo. Eske ou te genyen onkenn kontak avèk li?

LEPP: Li pa vle sispann rele mwen, men mwen pa reponn. Eske yo ba li papyè divòs yo déjà?

INT: He won't stop calling me, but I don't answer. Did they give him the divorce papers already?

CLIENT: I see he was served with the divorce petition last week. Due to the history of domestic violence, I suggest you file a petition for an order of protection immediately. You will need to file this petition with the family court. Since you have the police reports, I do not anticipate any issues.

INT: Mwen wè yo te sèvi li ak petisyon pou divòs la semèn pase a. Pou tèt li genyen yon istwa de vyolans domestik mwen sijere pou ou ranpli yon petisyon pou yon lòd pwoteksyon imedyatman. Ou pral bezwen ranpli petisyon sa a avèk tribinal fanmi an. Depi ou gen rapò polis yo, mwen pa kwè ap gen okenn pwoblèm.

LEPP: Avèk lòd sa a li pap ka anmède mwen ankò?

INT: With that order he won't be able to harass me anymore?

CLIENT: The order of protection will prohibit him from having any contact with you.

INT: Lòd pwoteksyon an ap entèdi li pran okenn kontak avèk ou.

LEPP: Sa se ekzakteman sa mwen vle, mwen prale epi mwen ap pote tout rapò polis yo avèk mwen. Eske li ap lan tribinal la tou?

INT: That is exactly what I want. I will go and I will take all of the police reports with me. Will he be at the court too?

CLIENT: He will also be there with his attorney, if he has contacted one. I am your attorney and will be with you throughout the hearing.

INT: Li ap la tou avèk avoka li a si li te kontakte youn. Mwen se avoka pa ou epi mwen ap avèk ou pou tout jijman an.

LEPP: Eske pwosesis divòs la pral dire lontan?

INT: Is the divorce process going to be long?

CLIENT: How long the divorce process will take depends on whether you, the petitioner, and the respondent can come to an agreement. We can go over all of this during our meeting. Are you available this Thursday at 3pm?

INT: Kantite tan ke pwosesis divòs la pran ap depann de si oumenm petisyonè a avèk defandan an kapab vini a yon akò. Nou ka revize tout sa yo pandan reyinyon nou an. Eske ou disponib jedi sa a a 3 PM?

LEPP: Wi, lè sa a bon.

INT: Yes, that time is fine.

CLIENT: Great! I will see you then.

INT: Oke, ma wè ou lè sa a.

INT: Do you require further interpretation?

CLIENT: No, we're all done. Thank you.

INT: [Post-Session].

- End -